# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ХАЛЫҚҚА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТИЎ ОРАЙЛАРЫНЫҢ АЙМАҚЛЫҚ ДҮЗИЛИСИ

**Турдымамбетов И.Р.,**
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети профессоры, г.и.д.

**Узакбаев К.К.**
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты ассистент оқытыўшысы

Хызметлердиң көпшилиги анық көринистеги орайласыў өзгешелигине – яғный, хызмет көрсетиў искерлиги алып барылатуғын елатлы пункттен сыртта жасаўшы халықты өзине тартыў уқыбына ийе.

Хызмет көрсетиў орайлары (кейинги орынларда ХКО) типологиясына еки түрли қатнас бар. Бирinши – ХКОын хызмет түрлери бойынша топарлаўға, екинши – орайлардың бойсыныў анализине тийкарланған. Бул еки топар бир-бирине дурыс келеди, себеби мәкемелер комплекси орай статусы менен бирдей. Айырым жағдайларда хызмет көрсетиўдиң аймақлық системасында орайдың орнын оның хызмет түрлери белгилейди. Айырым себеплерге қарағанда ўәлаят орайында көрсетилетуғын хызмет түрлери әпиўайы қалалардағыдан парықланады. Мысалы, Самарқанд қаласының тәсири тек ғана Самарқанд ўәлаяты менен шекленип қоймастан, басқа ўәләятларғада тарқалады.

Бирақ, айырым жағдайларда хызмет көрсетиўдиң аймақлық системасында хызмет көрсетиў орайы мәкемелери ҳәм орны өз ара сәйкес келмейди. Сол себепли мәкемелердиң кескин парықланыўшы түрлерине ийе ямаса хызмет көрсетиўдиң аймақлық системаларында түрли орынларға ийе ХКОлары жүзеге келеди. Мысалы, Халқабад қаласы ҳәм Ақмаңғыт посёлкалары халықтың жайласыўы ҳәм хызмет көрсетиўи бойынша уқсас – районлық орайлар есапланады. Бирақ, халыққа хызмет көрсетиў имканиятлары бойынша парықланады. Халқының саны 16 264 болған Халқабад районға бойсыныўшы қала болса, Ақмаңғыт район орайы, бирақ халық саны 10 719 адам.

Қарақалпақстан Республикасында халыққа хызмет көрсетиў орайларының аймақлық иерархиясын 6 рангқа (дәрежеге) бөлиўимизге болады (1-кесте).

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ХАЛЫҚҚА ХЫЗМЕТ КӨРСЕТИЎ ОРАЙЛАРЫ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ДӘРЕЖЕЛЕРГЕ (РАНГЛАРҒА) БӨЛИНИЎИ
## (2024-жыл 1-январь жағдайы бойынша)

| Хызмет көрсетиў орайлары дәрежеси | Елатлы пункт түри ҳәм топары | Елатлы пунктлердиң аты ҳәм халық саны (адам) |
|---|---|---|
| I | Ири қала (250 мың – 1 млн.) | Нөкис (336 398) |
| II | Орташа қала (50 – 100 мың) | Беруний (66 764), Тақыятас (52 230), Төрткүл (67 257), Хожели (75 543), Шымбай (56 462) |
| III | Киши қала (50 мыңға шекем) | Бостан (17 706), Қоңырат (41 980), Маңғыт (39 866), Мойнақ (14 944), Халқабад (16 409), Шоманай (15 180) |
| | Ири посёлка (10 мыңнан артық) | Ақмаңғыт (10 880), Алтынкөл (31 658), Кегейли (13 886), Қанлыкөл (13 660), Қараөзек (16 388), Тахтакөпир (16 737) |
| IV | Үлкен посёлка (5 – 10 мың) | **Әмиўдәрья районы:** Қылышбай (5201); **Беруний районы:** Болыс (5556); **Бозатаў районы:** Бозатаў (5552); **Қанлыкөл районы:** Жайхун (6417); **Төрткүл районы:** Нурлы жол (5706) |
| | Ири аўыл (5 мыңнан артық) | **Беруний районы:** Ботамбош (5639), Оразбайаўыл (5402), Бабур (6133); **Елликқала районы:** Өрнак (5009); **Қанлыкөл районы:** Наўрыз (5231); **Нөкис районы:** Шортанбай (7947); **Төрткүл районы:** Уллубағ 1 (5105), Уллубағ 2 (6139); |
| V | Орташа посёлка (3 – 5 мың) | **Әмиўдәрья районы:** Жумуртаў (3879); **Елликқала районы:** Сахтиян (3209); **Қоңырат районы;** Жаслық (4843), Қарақалпақстан (4733), **Төрткүл районы:** Амирабад (3096), Туркманкули (3842) |
| | Үлкен аўыл (3 – 5 мың) | **Әмиўдәрья районы:** Көкчи (4058), Қизилчали (3673), Ишанаўыл (3620), Екинши аўыл (4238), Бешаўыл (3819), Жумуртаўаўыл (3053), Аяқшы (4677); **Беруний районы:** Нурата қуланшы (3108), Хирлиқалъа (4306), Лолазор (3688), Ёшлик (3034), Тинчлик (3039), Ундириш (4099), Асқар (4980), |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Карвон (3958), Эшон (3992), Оби хаёт (3061), Илғорлар (3075), Чинобод (4514), Маданият (3230);<br>**Елликқала районы:** Ақчакөл (3773), Халқобод (3377), Ваисхөжа (3073), Сарибий (3899), Оқ олтин (3036), Қирққизобод (4804), Боғёп (3802), Пахтачи (4572), Қилчинок (4079), Чөпон (3664);<br>**Қанлыкөл районы:** Алтынкөл (3627), Қосжап (4169);<br>**Қоңырат районы;** Раўшан (3147), Наўрыз (4368);<br>**Нөкис районы:** Кердер (3278);<br>**Төрткүл районы:** Ғалаба (4537), Ёнбошқалъа (3746), Лотин (3234), Калтаминор (3386), Яктилик (3386), Бөз (3284), Охунбобоев (3794), Оқ олтин (3025), Шорахан (3655);<br>**Шымбай районы**: Кеңес (3894), Қызылөзек (3954), Майжап (4370); | |
| | Киши посёлка (3 мыңға шекем) | **Әмиўдәрья районы:** Қыпшақ (2988); Қытай (2671);<br>**Нөкис қаласы:** Қаратаў (2768);<br>**Қоңырат районы:** Елабад (1291), Қырыққыз (1417);<br>**Тақыятас районы:** Найманкөл (2554);<br>**Төрткүл районы:** Мискин (2831), Тазабағ (2877);<br>**Шымбай районы:** Айтеке (2822); | |
| VI | Орташа аўыл (1 – 3 мың) | **Әмиўдәрья районы:** 51 аўыл<br>**Беруний районы:** 31 аўыл<br>**Бозатаў районы:** 4 аўыл<br>**Елликқала районы:** 53 аўыл<br>**Кегейли районы:** 3 аўыл<br>**Қанлыкөл районы:** 10 аўыл<br>**Қараөзек районы:** 5 аўыл<br>**Қоңырат районы:** 17 аўыл | **Мойнақ районы:** 8 аўыл<br>**Нөкис районы:** 12 аўыл<br>**Тақыятас районы:** 6 аўыл<br>**Тахтакөпир районы:** 6 аўыл<br>**Төрткүл районы:** 44 аўыл<br>**Хожели районы:** 15 аўыл<br>**Шоманай** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | **районы:** 6 аўыл<br>**Шымбай районы:** 6 аўыл |
| VII | Киши аўыл (500 - 1 мыңға шекем) | **Әмиўдәрья районы:** 34 аўыл<br>**Беруний районы:** 12 аўыл<br>**Бозатаў районы:** 6 аўыл<br>**Елликқала районы:** 18 аўыл<br>**Кегейли районы:** 22 аўыл<br>**Қанлыкөл районы:** 12 аўыл<br>**Қараөзек районы:** 14 аўыл<br>**Қоңырат районы:** 12 аўыл | **Мойнақ районы:** 4 аўыл<br>**Нөкис районы:** 16 аўыл<br>**Тақыятас районы:** 14 аўыл<br>**Тахтакөпир районы:** 11 аўыл<br>**Төрткүл районы:** 16 аўыл<br>**Хожели районы:** 22 аўыл<br>**Шоманай районы:** 25 аўыл<br>**Шымбай районы:** 20 аўыл |

*1-кесте*

Кесте Қарақалпақстан Республикасы Статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында автор тәрепинен дүзилген.




**1-сүўрет. Қарақалпақстан Республикасында халыққа хызмет көрсетиў орайлары ҳәм олардың дәрежелерге (рангларға) бөлиниўи**

**I дәрежели хызмет көрсетиў орайы** – Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Нөкис қаласы. Республикасының сиясий, экономикалық ҳәм мәдений орайы. Алдынғы Төрткүл қаласын дегиш (суў жуўып) алып кетиўине байланыслы, 1930-жылы 12-ноябрьде Нөкис посёлкасын Республика пайтахтына айландырыў ҳаққында қарар шығарылады. Нөкис посёлкасы қала ретинде 1932-жыл 1-апрельде шөлкемлестирилген. Халқының саны 2024-жыл 1-январь жағдайы бойынша 336 398 адам. Майданы 0,22 мың км$^2$.

2023-жылдың 12 айы даўамында халыққа көрсетилген хызметлер көлеми 5 523,1 млрд. сўмды қурап, бул Қарақалпақстан Республикасы (12 876,7 млрд. сўм) бойынша көрсетилген хызметлердиң 42,9 % қурайды. Халықтың жан басына көрсетилген хызметлер көлеми 2024-жылдың 1-январь жағдайы бойынша 16 418,4 мың сўмды қурады. Нөкис билимлендириў, медицина, мәдений, саўда хызметлери бойынша Республикадағы 1-дәрежели хызмет көрсетиў орайы есапланады.

**II дәрежели хызмет көрсетиў орайлары** – районлараралық орайлар, искерлиги бир неше районлар аймақларына тарқалатуғын раўажланған район орайлары. Басқа төменги дәрежедеги хызмет көрсетиў орайларында болмаған көпшилик хызмет көрсетиў түрлерине ийе мәкемелердиң қалалық системасы қәлиплеседи.

*Қарақалпақстан Республикасындағы районлараралық орайлар* – Беруний, Қоңырат, Төрткүл, Хожели, Шымбай қалалары. Бул қалалардың халқының саны 318 257 адамды қурап, республика халқының 15,9 % жасайды. Қоңырат қаласының тарийхый гөне қала тәрепи Алтынкөл

посёлкасы деп аталып, онда 31 658 адам жасайды. Нөкис, Хожели қалаларының гөне қала бөлимлери қаланың административлик аймағына киргизилген болып, Алтынкөл посёлкасын ҳәм Қоңырат қаласы аймағына киргизсек мақсетке муўапық болар еди. Алтынкөл посёлкасының халқы өзин Қоңырат қаласының халқы сыпатында көреди. Бундай жағдайда Қоңырат қаласының халқы 73 638 адамды қурайды.

Халықтың жан басына бул районлараралық орайлар жайласқан районларда көрсетилген хызметлер көлеми 2 630,8 мың сўмнан 11 702,9 мың сўмға шекемди қурайды. Бул хызмет көрсетиў орайлары тек ғана өз районы халқына хызмет етип қоймастан, басқа елатлы пунктлер, қоңсы районлар халқына да хызмет етеди. Булар, Шымбай районлараралық орайы Шымбай, Бозатаў, Кегейли, Қараөзек, Тахтакөпир районлары халқына, Қоңырат районлараралық орайы Қоңырат ҳәм Мойнақ районлары халқына, Хожели районлараралық орайы Хожели, Қанлыкөл, Шоманай районлары халқына, Беруний ҳәм Төрткүл районлараралық орайлары Беруний, Төрткүл, Әмиўдәрья, Елликқала районлары халқына хызметлер көрсетеди.

Тақыятас ҳәм Нөкис районы, Кегейли районының Нөкис қаласына жақын аймағы халқы пайтахтқа жақынлығы себепли хызметлерге болған талабын Нөкис қаласынан қанатландырады.

**III дәрежели хызмет көрсетиў орайлары.** Район орайлары – тийкарынан хызмет көрсетиў звеносы жайласқан районының аўыл халқы есапланады. Ҳәр бир хызмет көрсетиў түри бойынша жетекши мәкемелер өз районы бойынша «тийкарғы мәкеме» есапланады. Районлардың орайлық базары, хожалық ҳәм саўда дүкәнларына, амфитеатр, мәдений дем алыў бағына, ҳ.т.б.хызмет көрсетиў мәкемелериниң кең тармағына ийе. Бул дәрежедеги орайлардың раўажланыўы халқының саны 50 мыңга шекем болған киши қала ямаса халқының саны 10 мыңнан артық посёлкалар менен байланыслы. Қала ямаса посёлка халқы қанша көп болса, хызмет көрсетиў мәкемелери комплекси сонша раўажланған болады.

**IV дәрежели хызмет көрсетиў орайлары.** Халқының саны 5 мыңнан 10 мыңға шекем болған Бозатаў (5552), Болыс (5556), Қылышбай (5201), Жайхун (6417), Нурлы жол (5706) посёлкалары, аўыл пуқаралар жыйынларының (АПЖ) орайлары болған, халқының саны 5 мыңнан артық ири аўыллық елатлы пунктлер киреди.

Түрли көринистеги дүкәнлар (азық аўқат, хожалық буйымлары), асхана, аптека, улыўма орта билим бериў мектеби, балалар бақшасы, мәдeният үйи ҳәм коммуналлық хызмет көрсетиў орынларына ийе болады.

**V дәрежели хызмет көрсетиў орайлары.** Халқының саны 3–5 мың аралығындағы посёлкалар ҳәм 3–5 мың аралығындағы халыққа ийе үлкен аўыллар киреди.

Бундай елатлы пунктлерде 5-6 саўда дүкәны, улыўма орта билим бериў мектеби, айырым елатлы пунктлер балалар бақшасы, хәм медициналық пунктке ийе болады.

**VI дәрежели хызмет көрсетиў орайлары.** Халқының саны 3 мыңға шекемги посёлкалар ҳәм 1–3 мың аралығындағы халыққа ийе орташа аўыллар киреди. Бундай елатлы пунктлерде 2-3 саўда дүкәны, улыўма орта билим бериў мектебиниң басланғыш класслары ушын мектеп филиалына ийе болады.

**VII дәрежели хызмет көрсетиў орайлары.** Халқының саны 500 ден 1000 адамға шекемги киши аўыллар киреди. Бундай елатлы пунктлерде халықтың күнделикли талапларын қанаатландыратуғын саўда дүкәнларынан басқа хызмет көрсетиў мәкемелери дерлик болмайды.

Қарақалпақстандағы халқының саны 500 адамнан кем барлық аўыллар өзинен жоқары дәрежеде турыўшы аўыллық елатлы пунктлер ҳәм посёлкаларға бағдарланған болады.

Усыныс етип атырған схемамыз улыўмалық характерге ийе болып, мүмкин болған барлық вариантларды өзинде сәўлелендирмейди.

### Әдебиятлар

1. Kurbanov Bekmetovich, Shukhrat and Orinbayevich, Medetbay Oteuliev. "Territorial Differences in Living Standards in Uzbekistan" Quaestiones Geographicae, vol.40, no.4, 2021, pp.63-70. https://doi.org/10.2478/quageo-2021-0038
2. KEUNIMJAY-ULI, UZAKBAEV KOBLAN. "Aholiga xizmat ko'rsatish sohalarini tadqiq etishning ilmiy-uslubiy asoslari." *Fan va jamiyat* (2022).
3. KEUNIMJAY-ULI, UZAKBAEV KOBLAN. "Xaliqqa xizmet ko'rsetiw tarawlari ekonomikasinin'geografiya ilimindegi orni." *Fan va jamiyat* (2019).
4. KEUNIMJAY-ULI, UZAKBAEV KOBLAN. "Geografiya boyinsha mag'liwmatnama." *NMPI baspaxanası* (2017).
5. KEUNIMJAY-ULI, UZAKBAEV KOBLAN. "Qaraqalpaqstan Respublikasin ekonomikaliq rayonlastiriwdin'geografiyaliq tiykarlari." *Fan va jamiyat* (2023).

6. Turdimambetov I.R., Oteuliev M.O., Urazbaeva S. Territorial classification of socio-economic indicators of the quality of life of the population in the region. Экономика и социум №10(113)-1 2023. 264-271 p.
7. Turdimambetov I. R., Uzaqbaev Q. K., Oteuliev M. O. TERRITORIAL FORMATION OF THE EDUCATION SYSTEM IN IMPROVING THE QUALITY OF LIFE OF THE POPULATION OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Экономика и социум. – 2020. – №. 12 (79). – С. 276-279.
8. Turdimambetov I. R., Uzaqbaev Q. K., Niyazimbetova G. CURRENT STATUS OF MEDICAL SERVICES IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Science and education in Karakalpakstan.–2020. – 2020. – Т. 2. – С. 104-108.
9. Алексеев А.И. География сельской местности. М., 1989, - 173 с.
10. Uzakbaev K. K., Jaksımuratov A. B., Turǵanbaev D. N. ÚSH SEKTORLÍ EKONOMIKA TÚSINIGI HÁM ONÍŃ KEMSHILIKLERI //Educational Research in Universal Sciences. – 2024. – Т. 3. – №. 2. – С. 655-658.
11. Uzakbaev K. K., Jaksımuratov A. B. SOCIALLÍQ GEOGRAFIYANÍŃ GEOGRAFIYA ILIMLERI SISTEMASÍNDAǴÍ ORNÍ //Educational Research in Universal Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 17. – С. 1026-1028.
12. Xodjaeva G.A., Dauletbaeva D.D. QORAQALPOG ‘ISTON RESPUBLIKASI SHAHAR AHOLISINING O ‘SISH DINAMIKASI. "Geografik tadqiqotlar: innovatsion g'oyalar va rivojlanish istiqbollari" mavzusidagi Xalqaro ilmiy-amaliy konferensiya Toshkent, 15-16 aprel, 2022. 364-368 b.
13. Алексеев А.И. Многоликая деревня: (населения и территория). – М.: Мысль, 1990. – 266 с. 11 с.
14. Алексеев А. И., Ковалев С. А., Ткаченко А. А. География сферы обслуживания: основные понятия и методы. – 1991. 117 с. 46 с.
15. Бекбулатова Г.А., Абленова А.Б., О некоторых методах географических исследований сферы обслуживания населения, Промышленный транспорт Казахстана, 2017. №2-2 (55)135-140.
16. Бекбулатова Г.А., Нурбаева А., Основные факторы развития и размещения торгового обслуживания "Экономика и социум" ISSN 2225-1545. №12(103) 2022.
17. Бекбулатова Г.А., Авезова Н., Региональные аспекты организации развития и размещения сфер торгового обслуживания, "Экономика и социум" ISSN 2225-1545. №12(103) 2022.
18. Максимов В.А. География сельской местности (проблемы и методы исследования). Уфа, 1992, 8 с.
19. Солиев А., Назаров М. Ўзбекистон қишлоқлари (Қишлоқ жойлар географияси). Т.: “Fan va texnologiya”, 2009, - 6 бет, 212 бет.

20. Узакбаев К. К. АҲОЛИГА ХИЗМАТ КЎРСАТИШ СОҲАЛАРИНИ ҲУДУДИЙ ТАШКИЛЛАШТИРИШ //Educational Research in Universal Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 14. – С. 233-240.
21. Узакбаев К. К. ҚИШЛОҚ ЖОЙЛАРДА АҲОЛИГА ХИЗМАТ КЎРСАТИШ СОҲАЛАРИНИ ҲУДУДИЙ ТАШКИЛ ЭТИШ //Educational Research in Universal Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 17. – С. 845-857.
22. Утепова Г. Б., Узакбаев К. К. РОСТ НАСЕЛЕНИЯ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН И ЕГО ГЕОГРАФИЧЕСКИЕ СВОЙСТВА ТЕРРИТОРИАЛЬНОЙ ОРГАНИЗАЦИИ //Экономика и социум. – 2021. – №. 10 (89). – С. 1121-1130.
23. Қурбонов Ш. Ўзбекистон қишлоқ туманлари ижтимоий-иқтисодий географияси / Ш.Қурбонов; Ўзбекистон Республикаси олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги, Мирзо Улуғбек номидаги Ўзбекистон Миллий университети. – Т.: MUMTOZ SO’Z, 2019. 226 б.
24. Ходжаева Г.А. Бекбулатова Г.А., Байрамова М.Д. Влияние демографического фактора на территориальную организацию производства в сельских районах Республики Каракалпакстан. Промышленный транспорт Казахстана. №70 (1), 2021. –с. 190-199.